



PrEP

Anpeche VIH





PrEP = pwofilaksi anvan kontak (pre-exposure prophylaxis)

PrEP la se yon medikaman ki san danje ak efikas, ki fè prevansyon VIH. PrEP la ka pwoteje nenpòt moun ki petèt an kontak avèk VIH la.

Gen twa fason pou pran PrEP la:



Konprime
Kotidyen



Piki



Sou Demann

Pran yon konprime PrEP chak jou.

Pran yon piki PrEP chak de (2) mwa.

Pou gason ki fè sèks avèk gason: Pran konprime PrEP yo selman anvan ak apre sèks la.

Adolesan yo ka pran PrEP la san otorizasyon paran oswa gadyen.

PrEP Kotidyen

Pran yon konprime pa jou, menm nan jou ou pa fè sèks yo.



Wè avèk pwofesyonèl swen sante ou chak twa mwa pou renouvle òdonans ou a epi pou fè tès VIH ak lòt enfeksyon ki transmèt seksyèlman yo (sexually transmitted infections, STI). Gen pwofesyonèl swen sante ki ofri fè suivi nan telefòn oswa nan apèl videyo.

Pran Truvada (oswa vèsyon jenerik li a) oswa Descovy kòm PrEP.





PrEP nan Piki

Al wè pwofesyonèl swen sante ou chak de (2) mwa pou pran piki medikaman PrEP Apre tude la epi pou fè tès pou VIH ak STI yo.

Li enpòtan anpil pou w pa rate okenn piki ki pwograme. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou avan ou sispann pran piki PrEP la.



PrEP sou Demann



PrEP sou demann nan se sèlman pou gason ki fè sèks avèk gason. Pou sèvi avèk PrEP sou demann nan, pran konprime PrEP yo sèlman anvan ak apre sèks la:

- 2 konprime 2 a 24 èdtan anvan ou fè sèks la (premye dòz la)
- 1 konprime 24 èdtan apre premye dòz la
- 1 konprime 48 èdtan apre premye dòz la



Si w ap fè sèks toujou, kontinye pran yon konprime chak 24 èdtan jiskaske ou pran de (2) konprime apre dènye fwa ou fè sèks la.

PrEP sou demann nan anpeche VIH pandan sèks nan dèyè men moun k ap resevwa sèks nan vajen pa dwe sèvi avèk li.

Sèvi avèk Truvada oswa vèsyon jenerik li a lè w ap pran PrEP sou demann.



Kòmanse PrEP la

Pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki gen eksperyans :

- Ale sou NYC Health Map (Kat Jewografik Sante NYC a) nan nyc.gov/health/map.
- Jwenn yon Klinik Sante Seksyèl NYC (NYC Sexual Health Clinic) nan nyc.gov/health/sexualhealthclinics.
- Rele **311** pou yo ede ou.

Medicaid ak pifò plan asirans sante yo ta dwe kouvri PrEP san okenn kopeman. Mande pwofesyonèl swen sante oswa famasyen/famasyèn ou ki pwogram ki ede peye pou PrEP.



Pran Prekosyon avèk PrEP la



- Pran PrEP la jan yo preskri w li a pou w ka gen kont medikaman nan kò ou pou anpeche VIH la.
- Se VIH sèlman PrEP la anpeche. Pou anpeche lòt STI yo, fè tès regilyèman pou STI yo epi sèvi avèk kapòt. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou de pwofilaksi apre kontak avèk doksisisiklin (doxycycline post-exposure prophylaxis, doxy PEP), yon konprime ou pran apre sèks pou ede anpeche STI yo.



Pou anpeche gwosès, sèvi avèk kapòt oswa lòt metòd planin. Ou ka sèvi avèk PrEP si ou ansent oswa si w ap pran nenpòt metòd planin oswa terapi òmonal.

Kontinye avèk PrEP la

Di pwofesyonèl swen sante ou sa si gen nenpòt bagay ki fè sa difisil pou w pran PrEP la jan li preskri w li a oswa pou w vini nan randevou w yo. Si ou sispann pran PrEP la, sèvi avèk kapòt oswa yon lòt metòd pou anpeche VIH.





PrEP

Anpeche VIH

Pou jwenn plis enfòmasyon,
ale sou nyc.gov/health epi chèche
PrEP oswa eskane kòd QR la.



NYC
Health